

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Panalungtikan babandingan novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif mangrupa métode panalungtikan anu bisa dipaké pikeun néangan jeung maham kana ma'na nu asalna tina pasualan-pasualan sosial atawa kamanusiaan. Nurutkeun Creswell dina Semiawan (2010, kc. 6), panalungtikan kualitatif nyaéta hiji pamarekan pikeun éksplorasi jeung maham kana hiji kajadian *sentral*. Kitu ogé nurutkeun Gunawan (2013, kc. 32), panalungtikan kualitatif nyaéta usaha pikeun maham jeung napsirkeun ma'na hiji kajadian atawa interaksi paripolah manusa dina hiji situasi nurutkeun perspéktif éta panalungtik.

Pikeun ngahontal tujuan dina ieu panalungtikan, dibutuhkeun hiji métode atawa téhnik pikeun nganalisisna. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis kualitatif, anu nyoko kana studi komparatif (babandingan). Nurutkeun Ratna (2015, kc.53) métode deskriptif analisis nyaéta métode anu dipaké ku cara nganalisis jeung ngaguar data pikeun ngagambarkeun kaayaan objék anu ditalungtik pikeun jadi puseur panalungtikan. Métode deskriptif analisis anu aya dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis struktur carita sarta ngabandingkeun jalan carita dua karya sastra dumasar kana sababaraha aspék, anu saterusna dianalisis motif indéksna.

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 90) désain panalungtikan nyaéta rarancang nu dijieun ku panalungtik minangka lengkah-léngkah atawa tahapan kagiatan nu rék dilaksanakeun, Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3. 1
Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, aya dua hal anu kudu digunakeun, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi jeung studi pustaka. Nurutkeun Sugiyono (2018, kc. 240) dokumén nyaéta catetan kajadian nu geus kaliwat. Dokumén bisa mangrupa wangan tulisan, gambar, atawa karya-karya monumental hiji jalma. Dokumén dina wangan tulisan contona catétan poéan, sajarah kahirupan, biografi, jeung kawijakan. Dokumén dina wangan gambar contona foto, gambar hirup, skétsa, jeung sajabana. Anapon dokumén dina wangan karya seni contona gambar, pilem, patung, jeung sajabana. Téhnik studi pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara néangan kajian-kajian tiori anu rélélévan atau nu aya patalina jeung panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) nangtukeun sumber data;
- 2) maca sageblengna novél *Pipisahan* karya RAF salaku sumber data nepi ka maham kana téma, galur, tokoh jeung latar nu digambarkeun dina novél;
- 3) napsirkeun data jeung nyieun déskripsi tina data nu geus dicangking, nepi ka meunangkeun pamahaman ngeunaan téma, galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina novél;
- 4) nongton jeung niténan pilem *Athirah* karya Riri Riza salaku sumber data nepi ka maham kana téma, galur, tokoh jeung latar nu digambarkeun dina pilem;
- 5) napsirkeun data jeung nyieun déskripsi tina data nu geus dicangking, nepi ka meunangkeun pamahaman ngeunaan téma, galur, tokoh, jeung latar nu digambarkeun dina pilem;
- 6) nyatet data-data tina sumber data luyu jeung pasualan nu rék diulik nyaéta analisis struktur carita, babandingan, jeung motif indéksna.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Objék anu ditalungtik nyaéta novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza. Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy data dianalisis

ngagunakeun konsép: 1) analisis struktural Robert Stanton anu ngaguar téma jeung fakta caritana (galur, tokoh, latar), 2) sasaruaan jeung bbédaan struktur carita dina novél jeung pilem, 3) ngaidéntifikasi motif indéks nu kapanggih dina novél jeung pilem.

Sanggeus meunangkeun data, satuluya diolah kana sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Maca jeung maham kana novél *Pipisahan* karya RAF;
- 2) Nongton jeung niténan pilem *Athirah* karya Riri Riza;
- 3) Mariksa deui data nu geus dikumpulkeun di antara sumber data jeung sumber pangrojong lianna;
- 4) Nganalisis eusi carita novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza dumasar kana struktur jeung sastra bandingan;
- 5) Ngadéskripsikeun babandingan struktur carita jeung motif indéks anu geus dipaluruh tina novél *Pipisahan* karya RAF jeung pilem *Athirah* karya Riri Riza;
- 6) Nyieun kacindekan tina data anu geus dianalisis anu satuluyna dijeun laporan panalungtikan dina wangu skripsi.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan hasil panalungtikan leuwih hadé. Arikunto (2014, kc. 265) nétélakeun yén instumén ngumpulkeun data nyaéta alat bantu nu dipilih jeung digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, miboga tujuan sangkan panalungtikan jadi sistematis.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Tabél 3. 1
Instrumén Céklis Dokuméntasi Pustaka

No.	Téma	Judul	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Novél	Tiori Pengkajian Sastra	✓	

No.	Téma	Judul	Digunakeun	Teu Digunakeun
2.	Pilem	Mahér Nulis Skénario	✓	
3.	Sastra Bandingan	Sastra Bandingan	✓	

Tabél 3. 2
Struktur Téma

No.	Judul Novél	Cutatan	Kode Data (N/T/É/KU)
1.	<i>Pipisahan</i>	“Putusanana mah wengi tadi. Duka kumaha, da tadi énjing-énjing basa méméh angkat ka kantor miwarang abdi nyanggakeun ieu murangkalih...” (kc. 41)	(P/T/É1/KU5)

Keterangan:

- 1) N: Judul Novél
- 2) T: Téma
- 3) É: Épisode/Bagian/Bab
- 4) KU: Kode Urut Data

Tabél 3. 3
Struktur Fakta Carita (Galur)

No.	Judul Novél	Pengaluran	Kode Data (N/É/KU)
1	<i>Pipisahan</i>	Nyaritakeun pipisahan Emin jeung salakina, sanggeus babadamian ahirna Emin jeung salakina sapamadegan rumah tangga ieu moal bisa manjang. Emin diceraikeun ngaliwatan surat nalika manéhna geus balik ka imah kolotna di lembur.	(P/G/É1/KU1)

No.	Judul Novél	Pengaluran	Kode Data (N/É/KU)
		Budak nu bungsu dibawa Emin, sedengkeun nu cikal jeung panengah milu Bapana. Tapi sanggeus sababaraha waktu budak panengah dibikeun deui ka Emin	

Keterangan:

- 1) N: Judul Novél
- 2) É: Épisode/Bagian/Bab
- 3) KU: Kode Urut Data

Tabé1 3. 4
Struktur Fakta Carita (Cutatan Tokoh)

No.	Judul Novél	Palaku	Watek	Kode Data (É/KU/KC)	Cutatan
1	<i>Pipisahan</i>	Emin	<i>Tegar</i>	(É1/KU1/KC 10)	“... kuring neger-neger manéh ulah ngaluarkeun cimata, sieun manéhna boga sangkaan séjén, tina naon saenyana nu jadi kasedih kuring.” (kc. 10)

Keterangan:

- 1) É: Épisode/Bagian/Bab
- 2) KU: Kode Urutan Data
- 3) KC: Kaca

Tabé1 3. 5
Struktur Fakta Carita (Cutatan Latar)

No.	Judul Novél	Latar	Kode Data (L/É/KU)	Cutatan
1	<i>Pipisahan</i>	Imah Emin Baheula	(LT/É1/KU1/KC8)	“Di tengah imah guntreng téh.

				Budak nu cikal jeung bungsu geus lila talibra ..." (kc. 8)
--	--	--	--	--

Keterangan :

- 1) LT/LW/LS: Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Suasana
- 2) É: Épisode/Bagian/Bab
- 3) KU: Kode Urutan Data

3.3.2 Instrumen Ngolah Data

Instrumen ngolah dina ieu panalungtikan aya kartu analisis struktur jeung pilem, kartu analisis sastra bandingan, kartu analisis motif indéks.

1) Kartu Analisis Struktur Novél (Galur, Tokoh, Latar)

Kartu Data Analisis Struktur Novél (Tokoh)	
Kode Data	: (É1/KU1/KC10)
Cutatan	: "... kuring neger-neger manéh ulah ngaluarkeun cimata, sieun manéhna boga sangkaan séjén, tina naon saenyananu jadi kasedih kuring." (kc. 10)
Analisis	: Dina ieu novél, Emin dicaritakeun jadi tokoh anu protagonist minangka tokoh utama. Emin miboga sipat nu sabar, <i>tegar</i> , jeung daék

Gambar 3.1
Kartu Data Analisis Struktur Novél

2) Kartu Analisis Struktur Pilem (Galur, Tokoh, Latar)

Kartu Data Analisis	
Struktur Pilem	
(Tokoh)	
Kode Data	: (ATHIRAH/T/KU1)
Gambar	:
	
Analisis	: Dina ieu pilem, Athirah dicaritakeun jadi tokoh anu protagonis minangka tokoh utama. Athirah miboga sipat anu sabar, tegar, daék usaha, parigel. Sanajan manéhna dicandung nalika keur kakandungan, manéhna tetep sabar ngurus budak jeung tokona.

Gambar 3. 2
Kartu Data Analisis Struktur Pilem

3) Babandingan Sastra

Tabél 3. 6
Babandingan Sastra

No.	Struktur Carita	Déskripsi Babandingan	
		Novél Pipisahan (NP)	Pilem Athirah (PA)
1.	Téma	<i>Pejuangan</i> wanoja nu dtinggalkeun ku salakina ku cara ditalak.	Perjuangan wanoja nu dtinggalkeun ku salakina ku cara dicandung
2.	Galur	Maju - Mundur	Maju
3.	Latar	Sunda, Jawa Barat	Makassar, Sulawesi Selatan
4.	Tokoh	Emin Urut Salakina Emin	Athirah Puang Ajji

Keterangan:

- 1) NP: Novél Pipisahan
- 2) PA: Pilem Athirah

4) Motif Indéks

Tabél 3. 7
Analisis Motif Indéks

No.	Motif Indéks	Déskripsi Motif Indéks	
		Novél <i>Pipisahan</i> (NP/MI/KU/KC)	Pilem <i>Athirah</i> (PA/MI/KU)
1	Kawijaksanaan (pangaweruh) anu dicangking tina pangalaman (J10. <i>Wisdom (knowledge) acquired from experience.</i>)	Dina novél <i>Pipisahan</i> , ieu motif katitén nalika nyaritakeun pangalaman hirup manéhna sanggeus 22 taun katukang, anu ngajadikeun manéhana wijaksana takdir	Dina pilem <i>Athirah</i> , ieu motif bisa katitén tina tokoh Indungna Athirah anu jembar haté nyaritakeun pangalaman hirupna baheula nalika dijadikan istri nu kaopat.

Keterangan:

- 1) NP: Novél *Pipisahan*
- 2) PA: Pilem *Athirah*
- 3) MI: Motif Indéks
- 4) KC: Kaca
- 5) KU: Kode Urut

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh carita anu aya dina novél *Pipisahan* karya RAF jeung carita dina pilem *Athirah* karya Riri Riza utamana nu aya patalina jeung struktur (galur, tokoh jeung penokohan, latar) sasaruuan jeung bédéban, sarta data motif indéksna. Data séjén dina ieu panalungtikan patali jeung buku-buku panalungtikan, jurnal, jeung sumber lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.


3.4.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta subjék pikeun meunangkeun informasi nu jelas ngeunaan kumaha ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 72) sumber data mangrupa subjék asal nu dipaké pikeun nyangking data.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Pipisahan* karya RAF anu kandelna 110 kaca, diterbitkeun ku penerbit PT. Kiblat Buku Utama. Lian ti éta, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta pilem *Athirah* karya Riri Riza taun 2016 anu mangrupa transformasi tina novél anu judulna sarua AThirah karya Alberthiene Endah taun 2013. Ieu pilem disutradaraan ku Riri Riza. Ieu pilem diproduksi ku Miles Film, salian éta ieu pilem téh jadi *Film Terbaik* dina penghargaan Festival Film Indonésia taun 2016.

3.4.2.1 Idéntitas Novél *Pipisahan* karya RAF

	Judul : <i>Pipisahan</i>
Pangarang :	RAF (Rahmatullah Ading Affandie)
Penerbit :	PT Kiblat Buku Utama
Taun Medal :	2012
Kandel Buku :	110 kaca
Jilid :	Gambar wanoja mangku orok maké tiung héjo, latar jilidna warna gedang asak (<i>orange</i>), ditambahin tulisan judul warna bodas sarta tulisan pangarang warna konéng.

Novél *Pipisahan* karya RAF ieu nyaritakeun ngeunaan istri nu dipirak ku salakina, salah sahiji faktorna ku sabab mertuana anu pidunya jeung umaing. Dina ieu novél, RAF dicaritakeun kalayan imeut kumaha rarasaan hiji istri nu dipirak, ninggalkeun imah balik ka imah kolotna di lembur, jeung susahna néangan *penghasilan* sanggeus jadi randa.

3.4.2.2 Biografi Singget RAF


RAF (Rahmatullah Ading Affandie), lahir di Banjarsari, Ciamis, 2 Oktober 1929. Lian ti pangarang anjeunna gé kungsi jadi wartawan, sutradara jeung nulis lalakon drama, jadi pembina olahraga méngbal tur mingpin grup kasenian. Sabada namatkeun HIS, RAF tolab élmu di Pasantréni Miftahul Huda Ciamis, kungsi sakola di Sekolah Pertanian di Tasikmalaya, SMA di Bandung, tuluy neruskeun sakola di Fakultas Hukum Universitas Indonésia di Jakarta, nepi ka sarjana muda.

Ti keur sakola di SMA kénéh karangan-karangan RAF geus réa nu dimuat dina surat kabar jeung majalah, di antarana sk. *Sipatahoenan*, Harian *Indonésia*, majalah *Sunda*, jrrd.

Carpon-carponna nu munggaran diterbitkeun dina *Carita Biasa* (1959). Kumpulan carponna nu kadua, *Dongéng Énténg ti Pasantréñ* terbit taun (1961). Novél anu judulna *Pipisahan* (1975) anu nyaritakeun kasabaran istri nu ditalak ku salakina. Roman pondokna *Nu Kaul Lagu Kaléon* (1990) meunang Hadiah Rancagé taun 1991. Dina taun éta kénéh terbit novélna, *Béntang Lapang*, nu kasang tukang caritana ngeunaan dunya méngbal.

Dina taun 1961 anjeunna di lélérl Hadiah Sastra LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda) jeung taun 1998 dilélérl Hadiah Rancagé dina widang jasa. Taun 1998 RAF medalkeun otobiografina *Urang Banjarsari Jadi Inohong di Bojongrangkong* jeung *Akina Puri ka Tanah Suci* (Affandie, 2012)

3.4.2.3 Idéntitas Novél Athirah karya Alberthiene Endah

 Gambar 3. 4 Jilid Novél Athirah	Judul	:	<i>Athirah</i>
	Pangarang	:	Alberthiene Endah
	Penerbit	:	Mizan Group
	Taun Medal	:	2013
	Kandel Buku	:	401
	Jilid	:	Gambar wanoja jeung budakna nu keur diuk, latar jilidna warna bungur jeung héjo, ditambahna tulisan judul warna bodas sarta tulisan pangarang warna bodas.

Ieu novél nyaritakeun ngeunaan pasualan keluarga dina taun 1959, ngeunaan wanoja asli Bugis, Makassar anu baojang di *keluargana*. Athirah nikah jeung Puang Aji tuluy hirup *harmonis* jeung bagja dina kahirupan tumah tanggana.

Athirah jeung Puang Ajji tuluy pindah ti Bone ka Makassar pikeun ngajalankeun bisnis nepi ka suksésna. Dina kahirupan pernikahan tangtu aya cobaan, éta hal ogé karandapan ku Athirah jeung Puang Aji. Puang Aji bogoh ka wanoja séjén tuluy nikah tapi Athirah teu nyahoeun.

Nalika Athirah nyahoeun yén salakina geus nikah deui, Athirah teu bisa kukumaha, ku sabab dina jaman harita taun 1950-an éta hal dianggap *lazim*. Ti dinya kahirupan Athirah robah, loba pasualan-pasualan nu datang boh tina salakina, boh tina budakna ogé masarakat daerah imahnna.


3.4.2.4 Biografi Singget Alberthiene Endah

Alberthiene Endah lahir di Bandung 16 September. Mimiti karir nulis di majalah HIDUP taun 1993. Tuluy jadi redaktur di majalah Femina taun 1994 nepi ka 2004. Sedengkeun ti taun 2004 nepi ka 2009, anjeunna jadi pamingpin majalah PRODO.

Alberthiene lulusan sastra Belanda Universitas Indonesia, anjeunna geus medalkeun sababaraha novél *Best Seller*, diantarana *Jodoh Monica, Dicintai Jo, Cewek Matre, Rockin Girls*, jrrd.

Ayeuna anjeunna aktif dina sababaraha proyék penulisan biografi, contona Biografi Prof. Dr. Sri Datok Tahir, jadi pawicara di seminar ngeunaan penulisan, jadi dosén tamu di sababarha universitas, jeung aktif dina perfilman.

3.4.2.5 Pilem *Athirah* karya Riri Riza



Gambar 3. 5
Poster Pilem *Athirah*

Judul	:	<i>Athirah</i> (Emma)
Sutradara	:	Riri Riza
Panulis Naskah	:	Salman Aristo jeung Riri Riza
Produser	:	Mira Lesmana
Pameran	:	<ul style="list-style-type: none">• Cut Mini Theo• Christoffer Nelwan• Tika Bravani
Durasi	:	82 menit
Basa	:	Basa Indonesia, Basa Melayu, Basa Makassar
Negara	:	Indonesia

Pilem *Athirah* mangrupa adaptasi tina novél semi-biografi anu judulna *Athirah* karya Alberthiene Endah tuluy dijadikeun pilem ku Riri Riza taun 2016. Ieu pilem nyaritakeun ngeunaan pasualan keluarga dina taun 1959, ngeunaan wanoja asli Bugis, Makassar anu baojang di *keluargana*. Athirah nikah jeung Puang Aji tuluy hirup *harmonis* jeung bagja dina kahirupan tumah tanggana.

Athirah jeung Puang Aji tuluy pindah ti Bone ka Makassar pikeun ngajalankeun bisnis nepi ka suksésna. Dina kahirupan pernikahan tangtu aya cobaan, éta hal ogé karandapan ku Athirah jeung Puang Aji. Puang Aji bogoh ka wanoja séjén tuluy nikah tapi Athirah teu nyahoeun.

Nalika Athirah nyahoeun yén salakina geus nikah deui, Athirah teu bisa kukumaha, ku sabab dina jaman harita taun 1950-an éta hal dianggap *lazim*. Ti dinya kahirupan Athirah robah, loba pasualan-pasualan nu datang boh tina salakina, boh tina budakna ogé masarakat daerah imahnna.

3.4.2.6 Biografi Singget Riri Riza

Riri Riza atawa ngaran lengkepna Mohammad Rivai Riza, lahir di Makassar, 2 Oktober 1979. Riri Riza kungsi jadi sutradara, panulis skenario, jeung produser pilem. Dina *debutna* minangka sutradara anjeunna ngagarap pilem *Kuldesak* dina taun 1998. Sabada lulus tina SMA Labschool Jakarta jeung Institut Kesenian Jakarta, anjeunna produktif dina nyieun pilem anu dibantuan ku sobatna Mira Lesmana.

Riri Riza geus opat kali asup nominasi *Sutradara Terbaik* dina taun 2004, 2005, 2014, jeung 2016 dina taun ieu ogé anjeunna dilélérl *Sutradara Terbaik* dina judul pilemna *Athirah*. Salian ti éta, anjeunna ogé dilélérl *Penulis Skenario/Skenario Adaptasi Terbaik*, taun 2004 dina pilemna *Eliana*, 2014 dina pilemna *Sokola Rimba*, jeung 2016 dina pilemna *Athirah*.